



Pou Piblikasyon Imedya: 29/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI ONORE VETERAN VYETNAM
NEW YORK YO AK FANMI YO POU SÈVIS AK SAKRIFIS YO**

Moniman Eta a yo pral limen nan koulè meday sèvis Vietnam

Jodi a se 50èm anivèsè depa dènye twoup Ameriken yo ki te soti nan Vietnam

Li pwoklamasyon an isit la

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) ki deklare 29 mas 2023 kòm Jounen Veteran Vyvetnam yo. Pwoklamasyon sa a rekonèt sèvis ak sakrifis Veteran Lagè Vyvetnam nan New York yo nan 50èm anivèsè dat dènye twoup konba Ameriken yo te kite Republik Vyvetnam. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te mande pou yo limen moniman yo atravè Eta New York nan koulè vèt, jòn ak wouj kòm an rekonesans ak Jounen Veteran Vyvetnam yo. Twa koulè yo onore Meday Sèvis Vyvetnam nan ke Manm Sèvis Ameriken yo ki te sèvi pandan Lagè Vyvetnam lan te genyen. Yo rekonèt manm sèvis ak meday ki te sèvi sou tèren an nan Vyvetnam, Kanbòdj, Laos, Taylans oswa nan dlo oswa espas ayeryen ki kole ak zòn sa yo.

"Veteran Vyvetnam yo merite pi gwo respè ak rekonesans pou sèvis imans yo bay eta nou an ak nasyon nou an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nan New York, nou travay chak jou pou asire ke yo felisite epi sonje responsabilite ak sakrifis yo, epi se onè pou m selebre 207,000 Veteran Vyvetnam yo nan New York nan Jounen Veteran Vyvetnam sa a."

Viviana DeCohen, Direktè Divizyon Sèvis pou Veteran Eta New York la, te deklare, "Pandan twò lontan, yo te kite Veteran Vyvetnam nou yo pou yo defann tèt yo san respè ak onè yo merite pou sèvis kouraje yo. Mwen fyè dèské kounye a epi isit la nan New York, nou pran angajman pou asire ke yo wè, felisite, ak bat bravo pou tout moun ki te sèvi yo pou travay eksepsyonèl pa yo nan non peyi nou an. Nan Jou Veteran Vyvetnam sa a epi chak jou, nou remèsyé yo pou sèvis yo."

Yo estime genyen 207,000 Veteran Lagè Vyvetnam k ap viv kounye a nan Eta New York, epi 4,119 Nouyòkè te mouri pandan lagè a pou defann nasyon sa a ak valè li reprezante. Non yo figire pami 58,276 non ki endike nan Mi Memoryal Vyvetnam

(Vietnam Memorial Wall) la nan Washington, D.C. [Mi Memoryal Vyetnam](#) Eta New York la sitiye sou Empire State Plaza nan Albany.

Yo pral limen moniman istorik eta sa yo an vèt, jòn ak wouj aswè a:

1. One World Trade Center
2. Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
3. Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
4. Batiman SUNY H. Carl McCall (The H. Carl McCall SUNY Building) lan
5. Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
6. Bilding Biwo Leta Bilding Alfred E. Smith la
7. Empire State Plaza
8. Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
9. Chit Nyagara
10. Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
11. Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany
12. MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
13. Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a.
14. Moynihan Train Hall

Enfòmasyon sou Divizyon Sèvis Veteran yo

[Divizyon Sèvis Veteran Eta New York la](#) la, ki sèvi kòm ajans defans eta a pou veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo depi 1945, kenbe yon angajman nan tout ajans lan pou sèvi tout veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo nan yon pakèt domèn pratik, ki gen ladan reklamasyon ak kontestasyon pou avantaj ki soti nan Depatman Zafè Veteran Etazini, kontestasyon pou mizajou sou dechaj bay Depatman Defans (Department of Defense, DOD) Etazini an, ak reklamasyon pou avantaj Eta New York yo. Yo ankouraje Veteran yo, militè yo, ak fanmi militè yo pou yo kontakte Divizyon an nan 888-838-7697 oswa sitwèb li a [veterans.ny.gov](#) pou rankontre — an pèsòn oswa vityèllman — ak yon Konseye Avantaj Veteran ki akredite pou adrese bezwen yo epi pou yo jwenn tout avantaj yo genyen yo. Swiv DVS sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)